# QARAQALPAQ TILINDEGI QARATPA SÓZLERDIŃ IZERTLENIWI

**Daniyarova D.**
*Nókis mámleketlik pedagogikaliq institutı 1-basqısh magistrantı*
*Ilimiy basshi: D. Seydullaeva*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15643786

***Annotaciya***: *Qospalanǵan jay gáp-tamamlanǵan oy pikirdi bildiretuǵın, semantikalıq hám dúzilislik jaqtan belgili bir bóleklerge bólinetuǵın jay gáptiń túri. Qaratpa kategoriyalar qospalanǵan jay gáptiń quramında kelip, sol gáp penen yaki onıń bir aǵzası menen mánilik qatnasqa túsedi. Bul qatnas til biliminde vokativ qatnas dep ataladi. Maqalada usı qaratpa kategoriyalarınıń izertleniwi, sintaksislik qatnası haqqında sóz etilgen.*

***Tayanish: sózler***: *Qospalanǵan jay gáp, kategoriyalar, gáp aǵzası, qaratpa sózlerdiń izertleniwi, sintaksislik baylanis, vekativ qatnas.*

***Аннотация:*** *Осложнений предложение-это тип, которое выражает завершенную мысль, определяется с семантической и структурной точек зрения и делится на определенные части. Категории обращения входят в состав простого сложного предложения и вступают в семантические отношения с самим предложением или одним из его членов. В лингвистике такие отношения называются вокативными. В стастье рассматривается исследование этих категорий обращения и их синтаксические отношения.*
***Ключевые слова***: *Слова, сложное повествовательное предложение, изучение обращений, синтаксические связи, звательные отношения.*

***Annotation:*** *A simple compound sentence is a type of simple sentence that expresses a complete thought, is determined semantically and structurally, and is divided into certain parts. Address categories appear within the structure of a simple compound sentence and enter into a semantic relationship with the sentence or one of its members. This relationship is called a vocative relationship in linguistics. The article discusses the study of these address categories and their syntactic relationship.*

***Key words:*** *Words complex declorative sentence, categories, sentence structure, study of addressing words, sentactic relations, vocative relations.*

Gáp hár bir tilde sol tildiń nızamlıqlarına sáykes qurıladı. Hár qanday gáptiń tiykarın predikativlilik quraydı. Predikativlilik – gáp mazmunınıń haqıyqatlıqqa qatnasın bildiretuǵın ulıwma grammatikalıq kategoriya. Ol arqalı xabardıń haqıyqatlıǵı yamasa haqıyqıy emesligi ańlatıladı: ***Ol – student. Qońıraw boldı.*** hám t.b. Predikativlilikte máhál de ańlatıladı. Máselen: ***Báhár!*** degen gáp arqalı házirgi máhál ańlatıladı, sebebi basqa máhállerde ol ***báhár edi, báhár boladı*** túrinde aytıladı. Gáp sóylewshi ushın pikirdi ańlatıw, al tıńlawshı ushın onı túsiniw quralı bolıp xızmet etedi, sonlıqtan da onda bet te ańlatıladı. Sintaksislik bet kategoriyası feyiller hám almasıqlar járdeminde bildiriledi.

Sóylewshiniń gápte aytılǵan pikirdiń haqıyqatlıqqa qatnasın bildiriwi modallilik dep ataladı. Tilde ol feyildiń meyil formaları, modallik janapay, subyektivlik modal sózler, tańlaqlar hám t.b. sózler arqalı bildiriledi.

Gáptiń baslı belgileriniń biri – ondaǵı ayrıqsha xabarlaw intonaciyası. Intonaciya arqalı gáp sóz dizbeginen ajıralıp turadı. Intonaciya bir sózdi gápke aylandırıwı múmkin (salıstırayıq: Íssı**– *Kún ıssı***). Sonday-aq gáptiń dúziliwinde basqa grammatikalıq qurallar da qatnasadı. Gáp usınday tiykarǵı belgileri menen ózgeshelenedi.

Solay etip, gáp – «grammatikalıq hám intonaciyalıq jaqtan tildiń belgili bir nızamları boyınsha qáliplesken hám haqıyqatlıq tuwralı sóylewshiniń pikirin, oǵan qatnasın bildiretuǵın sóylew birligi».

Gáp – pútin birlik, ol tamamlanǵan oy-pikirdi belgili bir dúzilme arqalı bildiredi. Sonlıqtan da gáp semantikalıq hám strukturalıq jaqtan belgili bir bóleklerge bólinedi, birinshiden, ol haqıyqatlıqqa baylanıslı mazmundı bildiretuǵın kommunikativlik birlik, ekinshiden, tildiń belgili bir nızamlılıqları boyınsha qurılǵan strukturalıq birlik. Sonlıqtan da onı ayırım izertlewshiler konstruktivlik-sintaksislik tárepinen analizleydi. Konstruktivlik-sintaksislik analizde gáptegi sózlerdiń baylanısıw túrleri, gáp aǵzaları, gáptiń túrleri úyreniledi.

M.Z.Zakiev gáptiń bóleklerge bóliniwiniń áhmiyetli máselesin ayta kele, olardıń házirgi sintaksislik ilimde bes túriniń bar ekenin kórsetedi: grammatikalıq, strukturalıq, semantikalıq, sintagmatikalıq hám kommunikativlik.

Grammatikalıq yamasa logika-grammatikalıq bóliniwde gáp bas hám keńeyttiriwshi aǵzalarǵa ajıraladı.

Strukturalıq hám semantikalıq bóliniwde gáp aǵzaları morfologiya – leksikalıq hám leksika-semantikalıq jaqtan talıqlanıp, olardıń qanday sóz shaqaplarınan bolıwı hám leksika-semantikalıq mánisi esapqa alınadı.

Sintagmatikalıq bóliniwde gáptiń sintagmalarǵa (intonaciyalıq birliklerge) ajıralıwı úyreniledi.

Házirge deyin, hátteki házirgi waqıtta da ilimiy grammatikalarda joqarǵı oqıw orınları ushın oqıw qurallarında hám mektep sabaqlıqlarında gáp aǵzaları: bas (baslawısh hám bayanlawısh) hám ekinshi dárejeli (tolıqlawısh, pısıqlawısh hám anıqlawısh) aǵzalarǵa bólinip, úyrenilip kiyatır.

Sońǵı waqıtlarda gáp aǵzaların anıqlawdaǵı jańalıqlardıń qatarına qaratpa sózlerdiń keńeyttiriwshi modal aǵza sıpatında kirgiziliwi.

Dástúriy grammatikalarda qaratpalar «gáp penen grammatikalıq jaqtan baylanıspaǵan sózler hám sóz toparları» dep atalıp keldi. Al 1960-jıllardan keyingi

ayırım izertlewlerde olar qospalanǵan jay gápti dúziwshi sintaksislik kategoriya sıpatında qaralıp kiyatır.

Haqıyqatında da, qaratpa sózler gápte ayrıqsha orın iyeleydi: olar gáptiń basqa aǵzaları menen sintaksislik baylanısqa (kelisiw, basqarıw, jupkerlesiw, úylesiw) túspeydi, belgili bir sorawǵa juwap bermeydi hám basqa aǵzalardan ajıralıp turadı. Bul jaǵınan olar bas aǵzalarǵa da, ekinshi dárejeli aǵzalarǵa da usamaydı. Qaratpa sózlerdiń usınday qásiyetleri olardı sıpatlawda izertlewshiler arasında hár qıylı pikirlerdi payda etti.

Qaratpa sózler 1960-jıllardan keyingi dáwirde túrkiy tillerindegi qospalanǵan jay gáplerdi úyreniwge baylanıslı izertlewshilerdiń dıqqatın ózine awdara basladı.

Ǵ.Abduraxmanovtıń miynetlerinde qaratpalar ózbek tilindegi qospalanǵan gáplerdiń bir túri sıpatında kórsetilgen. Ol qaratpalar gáptiń ulıwma mazmunı yamasa onıń ayırım aǵzaları menen ayrıqsha baylanısqa túsedi, bul baylanıstı yarım predikativlik – túsindiriwshi baylanıs dep qarawǵa boladı, sonlıqtan da qaratpalar gáp aǵzası boladı dep esaplaydı. Qazaq til biliminde M.Balaqaev, T.Qordabaevlardıń miynetlerinde qaratpa kategoriyalardıń intonaciyasına, gáptegi orın tártibine keńnen toqtaydı. Al tatar til biliminde M.Z.Zakiev gáp aǵzalarınıń izertleniw tariyxı, klassifikaciyası, baslawısh hám bayanlawıshtıń belgileri haqqında sóz etip, qaratpalardıń anıqlanıw belgilerin hám semantikalıq túrlerin bayanlaydı. Avtor «modal aǵzalar» terminin qollanıp, olardıń qatarına qaratpa hám kiris sózlerdi kirgizip, olardı gáptiń ekinshi dárejeli aǵzaları dep ataydı. Al «Tatarskaya grammatika» miynetinde ol gáptiń logika-grammatikalıq aǵzaların tómendegishe bólgen: bas aǵzalar (baslawısh hám bayanlawısh), keńeyttiriwshi aǵzalar: konkretlestiriwshi aǵzalar (tolıqlawısh, anıqlawısh, pısıqlawısh), túsindiriwshi aǵzalar (túsindiriwshi hám anıqlawshı sózler), modal aǵzalar (kiris sózler, qaratpalar).

Ózbek til biliminde bul pikir A.R.Sayfullaevtiń miynetlerinde maqullanıp qaratpalardı gáptiń «úshinshi dárejeli aǵzaları» degen termin menen atawdı usınadı.

Qaraqalpaq tiliniń sintaksis tarawında birinshi ret bul sintaksislik kategoriya N.Dáwqaraevtıń mektepler ushın dúzilgen sabaqlıǵında kórsetiledi [3]. Onıń sońǵı miynetlerinde de qaratpa sózler «gápten tısqarı sózler» degen atama menen gáp aǵzalarına bólek qaraladı. Sońın ala, yaǵnıy 1974-jılǵa deyingi mektep sabaqlıqlarında qaratpa sóz «gáp aǵzaları menen grammatikalıq jaqtan baylanıspaytuǵın sózler» dep qaralıp keldi. Al qaraqalpaq tili sabaqlıǵınıń besinshi basılıwınan baslap olar «gáptiń aǵzası» dep atalıp kelindi. Ózbek til bilininde bul piker A.R.Sayfullaevtiń miynetlerinde maqullanıp qaratpa aǵzaları» dep atala basladı.

Házirgi qaraqalpaq tiliniń sabaqlıqlarında da olar usı atama menen qollanıladı. Tilshi ilimpaz M.Dáwletov «Qaraqalpaq tilindegi qospalanǵan jay gápler» degen doktorlıq dissertaciyasında qaratpa sózlerdi, qaratpa sóz dizbeklerin qaraqalpaq tilindegi qospalanǵan jay gáplerdiń strukturasın dúziwshi sintaksis kategoriyalardıń biri sıpatında qaraydı. Avtor bul másele boyınsha rus til bilimindegi hám tyurkologiyadağı pikirlerge sholıw jasap qaraqalpaq tilindegi qaratpalardı «qaratpa aǵza» degen atama menen atawdı maqul kóredi hám bunı hár tárepleme dáliylleydi. Solay etip, qaraqalpaq tilindegi «qaratpa sózler» termini M.Dáwletov tárepinen «qaratpa aǵzalar» termini menen almastırıldı.

Bul qısqasha sholıwdan kóringenindey-aq, qaratpa sózlerge kózqaras rus til biliminde de, tyurkologiyada da hár qıylı terminler menen atalıp keldi hám házirgi waqıtta da birdey emes. [3]

Bir sintaksislik birlik usılayınsha hár qıylı terminler menen atalıp keliwi, álbette, olardı durıs túsiniwdi, olardıń gáptegi ornın belgilewdi qıyınlastıradı.

N.Maxmudov hám A.Nurmanov ózbek til bilimindegi sintaksislik qatnaslarǵa forma hám mazmuniy baylanıslarǵa toqtap, mazmuniy sintaksislik qatnaslar, formalıq sintaksislik qatnaslar yaki sintaksislik baylanıslar járdeminde ańlatılatuǵının kórsetedi. Olar sintaksislik qatnas penen sintaksislik baylanıstıń bir-birine sáykes kele beriwi shárt emes dep esaplaydı. Máselen, mazmuniy sintaksislik qatnas quramına kiretuǵın vokativ hám modal qatnaslar formalıq jaqtan qaratpa hám kirisler arqalı ańlatıladı hám bul sintaksislik formalar gáptiń sintaksislik qurılısınıń birlikleri bolıp sanaladı. Biraq olar mazmuniy sintaksislik qatnastı ańlatqan menen sintaksislik baylanısqa túspeydi. Avtorlar mazmuniy sintaksislik qatnaslardı ulıwmalastırıp, olardı tómendegi túrlerge bóledi:

1. Subordinativ qatnas (bir tárepleme qatnas):

a) predikativ qatnas, obyektli qatnas, atributiv qatnas, relyativ qatnas.

2. Koordinativ qatnas: iyelewshi – iyeleniwshi qatnas (eki tárepleme qatnas).

3. Kopulyativ qatnas: birgelkili aǵzalar qatnası.

4. Introduktiv qatnas:

a) vokativ qatnas (qaratpa – sóylew mazmunı menen qatnası)~

b) modal qatnas (kiristiń sóylew mazmunı menen qatnası). Bul qatnaslardıń birinshi, ekinshi hám úshinshi toparları sintaksislik baylanıs qurallarına iye bolsa, al tórtinshi topar bunday qásiyetke iye emes.[5]

Solay etip, qaratpa sózlerdiń gáp penen yamasa onıń aǵzaları arasındağı qatnası hám baylanısı haqqında izertlewshiler arasında pikirler hár qıylı.

Ayırım avtorlar «sintaksislik qatnas» hám «sintaksislik baylanıs» túsiniklerin bir birinen ajıratpay bir dep esaplap, qaratpa sózler gápke, onıń aǵzalarına qatnaslı boladı degendi olar menen baylanısadı dep túsinedi. Máselen, A.G.Rudnev: Eger qaratpa sózler gápke yamasa onıń ayırım aǵzalarına «qatnas»lı bolsa, demek baylanısqa iye, óytkeni «qatnas» degen «baylanıstı» bildiredi dep, bunday baylanıstı (qatnastı) «óz ara qatnas», «óz ara baylanıs» (sootnoshenie, sootnositelnaya svyaz) dep ataydı. Biraq til iliminde «qatnas» hám «baylanıs» túsinikleri óz ara jaqın bolǵanı menen bir emes, hár qıylı túsinikler: qatnas «sóylewde kórinetuǵın hár qanday sintaksislik sáykesliktiń túri, baylanıs – «dizbeklesiwshi sózlerdiń leksikalıq mánisine, dúziliw qaǵıydalarına tiykarlanǵan sóylew elementleriniń óz ara qatnaslarınıń hár qıylı túrleri», sintaksislik baylanıs – «sóz dizbegi hám gáp elementleriniń óz ara baǵınıńqılıǵın ańlatıw ushın xızmet etetuǵın baylanıs».[1]

Haqıyqatında da, qaratpa kategoriyalar qospalanǵan jay gáptiń quramında kelip, sol gáp penen yamasa onıń bir aǵzası menen mánilik qatnasta boladı, biraq olar menen sintaksislik baylanısqa túspeydi. Bunı kópshilik ilimpazlar maqullaydı. Sonlıqtan da dástúriy grammatikalarda qaratpa sózler «gáp penen grammatikalıq baylanısı joq sózler» dep atalǵan. Álbette, hár qanday sóz gáp ishinde qollanǵanlıqtan ol sol gáptiń qanday da bir aǵzası boladı. Ádette, qaratpa sózlerge sóylewshiniń aytılǵan pikirine modallik qatnasın bildiredi dep anıqlama beriledi. Sonday-aq qaratpalar jay gápti dúzilisi jaǵınan qospalandıradı.

Adam jámiyetshilik turmısta tilden paydalanıp basqa adamlar menen qarım-qatnas jasaydı, pikir alısadı, sonday-aq tıńlawshıǵa sol gápke bolǵan óziniń de qatnasın qosa bildiredi.

Solay etip, házirgi waqıttaǵı sintaksis boyınsha miynetlerde qaratpa sózlerdiń ulıwma túsinigi, anıqlaması birdey bolsa da, olardıń gáp aǵzasına qatnası hár qıylı túsindirilgen.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ахманова О.С. Словарь лингвистических терминов. -М.: 1966, 300-бет.
2. Балақаев М., Қордабаев Т. Қазіргі қазақ тілі. Синтаксис. –Алматы, 1971.
3. Дәўқараев Н. Қарақалпақ тилиниң грамматикасы. II. Синтаксис. –Москва-Төрткүл, 1939.
4. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976
5. Закиев М.З. Татарская грамматика. Т.III. Синтаксис. –Казан, 1992.
6. Махмудов Н., Нурманов А. Ўзбек тилининг назарий грамматикаси (синтаксис). –Тошкент, 1995.
7. Сайфуллаев A.R. Семантико-грамматические особенности членов предложения в современном узбекском языке. –Ташкент, 1984.